



Chanjman klimatik prezante yon pwoblèm ijan, imedya, ak alontèm pou Vil Nouyòk (NYC). Pou konfwonte pwoblèm sa yo epi konstwi yon avni ki pi rezistan ak ekitab pou tout Nouyòkè yo, Komisyon Konsèy Vil Nouyòk sou Chanjman Klima (NPCC) regilyèman evalye eta aktyèl la nan syans sou chanjman nan klima epi li bay rekòmandasyon ki mande aksyon, ki enpòtan pou politik pou entegrasyon ak rediksyon pou Majistra a ak Konsèy Vil la. Chak evalyasyon NPCC bay pwojeksyon klima nan dosye pou Vil Nouyòk epi li kouvri tou lòt sijè ki enpòtan ki gen rapò ak klima. 4yèm evalyasyon NPCC òganize alantou sis sijè prensipal (figi 1), eksplòre atravè uit chapit ak yon rapò espesyal sou enfòmasyon risk klimatik.

NPCC4 te ko-pwodwi atravè efò kolaboratif syantis klima yo, syantis sosyal yo, planifikatè, achitèk, enjenyè, reprezantan ajans vil Nouyòk yo, ak gwoup kominotè yo (Figi 2). NPCC4 te pran yon desizyon ekspres pou enkòpore jistis, egalite, divèsite, ak enklizyon nan travay kolektif li yo ak atansyon espesyal sou egalite pou tout ras nan pratik, pwosedi, ak metòd evalyasyon li yo.

### REZIME NPCC4:

Vil Nouyòk ap fè fas a anpil difikilte akòz chanjman klimatik ak entèraksyon li yo avèk vilnerabilite sosyal ak modèl ak pwosesis devlopman iben ki pa ekitab, ki rezime annapre a:

**Syans klima:** NPCC4 bay yon nouvo metodoloji pou pwojeksyon evènman ekstrèm yo epi konfime nouvo pwojeksyon NYC nan dosye pou ogmantasyon nivo lanmè, tanperati, ak presipitasyon.

- Nivo lanmè a prevwa pou monte pandan plizyè syèk epi rete wo pandan plizyè milye ane. Zòn kotyè NYC yo kontinye fè eksperyans to ogmantasyon relatif nivo lanmè ki pi wo konpare ak mwayèn mondyal la. Anplidid ogmantasyon nivo lanmè nan lavni pou NYC ap depann de estabilite plak glas Antatik Lwès ak.
- ke yo prevwa ogmantasyon nan presipitasyon total anyèl nan vil Nouyòk la relativman piti, modèl klima mondyal yo prevwa ogmantasyon nan frekans evènman presipitasyon ekstrèm yo.
- Nomb jou nan vil Nouyòk ak tanperati minimum ki anba zero degre ap diminye depi ane 1900. Yo Nomb jou cho ak frekans ak dire vag chalè prevwa pou ogmante pandan syèk sa a ap pwogrese.

**Inondasyon:** Vil Nouyòk fè fas a risk nan plizyè kalite inondasyon: plivyèl (lapli), flivyèl (lari ak rivyè), kotyè/bò lanmè (mare ak leboulman- vag tanpèt), dlo anba tè, ak konpoze/konbine (lè plizyè kalite vin an menm tan).

- Risk ki asosye ak tout kalite inondasyon ap ogmante akòz ogmantasyon nivo lanmè ak entansifikasyon lapli yo.
- Jesyon konplè risk inondasyon dwe gen ladan konbinezon espesifik katye a nan enfrastrikti gri (tankou kanalizasyon/egou) ak enfrastrikti vèt (egzanp pak). Apwòch sa yo pou viv ak dlo dwe aplike atravè plizyè sistèm ak nivo, epi yo dwe an amoni avèk bezwen ak objektif kominote yo.
- Solisyon natirèl ak ki baze sou lanati pral bezwen entegre anpil, nan yon fason inovatè, pou gen yon enpak mezirab sou yon vil ki te modifiye anpil pandan plizyè syèk nan devlopman.

**Egalite/Jistis:** Depi piblikasyon NPCC3 (2019), travay ki gen rapò ak klima Vil la vin pi konsantrè klèman sou korije enjistis anviwònmantral ak diferans ant ras yo.

- Gen yon bezwen pou plis done konplè sou risk klima ki desekte nan nivo lokal ak swiv pwojè ajisteman klima ak envestisman rezilyans Vil la nan diferan kominote.
- Risk klimatik pou popilasyon ki pi vilnerab sosyalman yo konekte ak desizyon sou itilizasyon tè tan lontan ak prezan ak inegalite yo. Konprann enpak istwa sa a enpòtan anpil pou fòmile politik ak estrateji efikas nan amelyorasyon ak ajisteman.



- Deplasman klimatik se yon dimansyon enpòtan nan vilnerabilite sosyal. Kapasite Vil la pou mezire risk deplasman klimatik nan yon nivo ki apwopriye (sètadi, katye) se yon bagay ki esansyèl pou konprann risk ki asosye avèk nouvo investisman ak enfrastrikti.

**Sante:** Risk sante ki gen rapò ak chanjman klimatik yo se yon menas pou tout Nouyòkè, men sitou pou moun ki pi vilnerab yo akòz laj, move sante, inegalite rasyal ak sosyal, ak izolasyon sosyal. Diferans nan anviwònman fizik kay ak katye yo pi frape sou frajilite sa yo.

- Tanperati cho ak inondasyon se pi gwo risk sante ki gen rapò ak chanjman klimatik.
- Chanjman klimatik ka ogmante ekspozè a polisyon lè a, polèn ak mwazi, vektè moustik ak tik, ak kontaminan dlo.
- Politik ak estrateji aktyèl yo deja adrese anpil ekspozisyon (pa egzanp, amelyorasyon aksè a è kondisyon kay, plantasyon pye bwa). Efò sa yo ka enfòme ak evalye lè yo itilize done sou frajilite sante-klima, tankou kòmponan nan Endis Vilnerabilite Chalè oswa Inondasyon yo.

**Enèji ak ensekirite enèji:** Bezwen ijan pou redwi itilizasyon enèji ak emisyon gaz ki lakòz efè tèmik (GHG) nan vil Nouyòk mete an evidans gwo defi ki antoure sekirite enèji, men li prezante tou nouvo opòtinite ki asosye ak tranzisyon enèji.

- Ensekirite enèji reprezante menas dirèk ak endirèk pou sante piblik ak byennèt, sitou nan mitan popilasyon ak kominote vilnerab yo.
- Tranzisyon nan enèji renouvlab ak elektrifikasyon enfrastrikti ofri posiblite pou investisman ekonomik lokal, amelyorasyon kalite lè a, ak diminyasyon emisyon gaz lakòz efè tèmik (GHG).
- Tranzisyon enèji a dwe navige ak anpil prekosyon pou asire aksesibilite ak fyabilite enèji, sitou pandan evènman move tan ekstrèm, epi redwi ensekirite nan enèji pami gwoup vilnerab yo.

**Lavni ak tranzisyon:** NYC se yon vil dinamik ak konplèks. Planifikasyon pou lavni mande pou sèvi ak zouti pou adrese kompleksite ak ensètitud nan chanjman klima ak sa yo ki nan anviwònman sosyal, bati ak ekolojik.

- Anviwònman konstriksyon Vil la ap rete an plas, men yo prevwa chanjman nan itilizasyon tè ak kouvèti tè (pa egzanp, konvèsyon nan zòn ki enpèmeyab). Popilasyon NYC nan lavni ap rete divès epi vin pi gran.
- Solisyon ki baze sou lanati yo enpòtan pou adrese bezwen ajisman klima Vil la epi yo ka anmenmtan benefisye sante piblik, diminyasyon klima, jesyon risk inondasyon, ak abita pou divèsite biyolojik. Evalyasyon pou lavni yo bezwen egzaminen senaryo ki pran an kont lanati ak lojman ansanm ak entèseksyon yo nan pwosesis konstriksyon, sosyal ak ekolojik.
- Pou planifikasyon nan lavni ta dwe gen ladan yo tan alontèm ak atansyon sou varyasyon lokal ak rejyonal nan karakteristik fizik ak sosyoekonomik

### VIZYON POU LAVNI

NPCC4 konfime, ak yon gwo degre sètitud, ke lavni NYC ap vin pi cho, ak plis evènman chalè ekstrèm, epi pi mouye, ak risk k ap grandi nan lapli entans ak inondasyon andedan tè a. Evènman konbine ak kaskad ap gen tandans pou yo ekspozè vil la nan risk klimatik ogmante. Adrese risk klimatik k ap kontinye pandan y ap ankouraje yon lavni ki pi rezistan, ekita, ak adaptab ap mande plizyè nivo investisman atravè diferan sektè, inovasyon, ak transfòmasyon. Nan lavni, NPCC yo pral kontinye benefisye de ankadreman entèdisiplinè ak gwo angajman. Efò sa yo bezwen konsiderasyon ijan kounye a, osi byen ke yon angajman k ap kontinye pandan lane k ap vini yo.



**Otè Chapit yo:**

Robin Leichenko, Deborah Balk, Christian Braneon, Joel Towers

**Sitasyon Rekòmande**

Leichenko, R., Balk, D., Braneon, C., Towers, J. (2024). NPCC4: Executive Summary. New York City Panel on Climate Change. <https://www.climateassessment.nyc>

**Rekonesans:**

The NPCC co-chairs are deeply grateful to Leo Temko for his contributions to this executive summary.